


Mwen pwomèt...prezans...

pou asire pitit mwen rive alè lekòl chak jou, evite absans ki pa nesèsè e lage lekòl bonè...

...pou avize Lekòl la vè___:00 dimaten si pitit mwen an absan pou m asire yo byen dokimante prezans pitit mwen an lekòl e yo pran dispozisyon pou asire li pa pèdi anpil nan enstriksyon akademik li...

...pou voye pitit mwen an ak bonjan dokimantasyon pou eksplike rezon ki fè li anreta, menmlè genyen yon ijans...

...pou pwomouvwa yon bon anviwònman lakay pou diminye reta oubyen absans akòz maladi ki òdinè, ki evitab.



Mwen Pwomèt Kontra Siksè Paran/Gadyen

Komisyon Konsèy Lekòl
Miami-Dade County, Florida

Perla Tabares Hantman, Chèmann
Dtè. Martin Karp, Vis Chèmann
Dtè. Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Carlos L. Curbelo
Dtè. Lawrence S. Feldman
Dtè. Wilbert "Tee" Holloway
Dtè. Marta Pérez
Raquel A. Regalado

Krisna Maddy
Konseye Elèv

Alberto M. Carvalho
Sipèentandan Lekòl yo

www.dadeschools.net

Mwen pwomèt pou m yon paran ki aktif...

...nan lekòl

Mwen, pwomèt pou m travay avèk lekòl mwen pou m ede akonpli ekselans akademik e pou m obsève machasuiv yo prezante nan kontra sa a.

1. Silvouplè li machasuiv enpòtan pou paran ki nan kontra sa a.
2. Siyen akò patisipasyon paran ki andann kontra sa a.
3. Detache akò ou siyen an, e retounen li nan lekòl pitit ou a.
4. Kenbe kontra sa a soulamen kòm referans pou w ede pitit ou jwenn siksè lekòl.



Mwen Pwomèt



Lekòl Leta
Miami-Dade County

Mwen pwomèt...akademik...

...pou pataje responsablite avèk lekòl mwen pou m asire siksè akademik pitit mwen an amelyore...

...pou ofri resous ak anviwònman lakay ki apwopriye pou asire pitit mwen li literati dekalite pou omwen 30 minit, chak jou...

...pou ankouraje pitit mwen pou l pwofite opòtinite andeyò lè nòminal lekòl ki ofri enstriksyon adisyonèl (pa egzans, leson patikilye, lekòl samdi, lekòl ete, ak devwa/pwojè lakay)...

...pou sipòte pitit mwen ak pwofesè li (yo) nan kèlkeswa efò y ap fè pou simonte feblès akademik li...

...pou travay an kolaborasyon avèk lekòl mwen pou asire pitit mwen fini avèk siksè tout devwa ak lòt demand akademik...

Demand Espesifik Lekòl _____

Mwen pwomèt...patisipasyon...

...pou fè volontè regilyèman avèk aktivite anndan e deyò lekòl ki ofri yon enpak dirèk sou siksè pitit mwen (egzans, klib, asistans nan salklas, konferans paran/pwofesè, konferans elèv fè, aktivite chapewon)...

...pou sèvi nan gwoup konseye sou règ lekòl e ale regilyèman nan reyinyon yo pwograme (egzans, [Educational Excellence School Advisory Council (EESAC)] (Konsil Konsèy Ekselans Edikasyon Lekòl), "Parent-Teacher Association (PTA)/Parent-Teacher-Student Association (PTSA)" (Asosyasyon Paran-Pwofesè/Paran-Pwofesè/Elèv) ak reyinyon lekòl "Title I"- paran...

...pou patisipe nan reyinyon ki gen rapò ak bezwen endividyèl pitit mwen, jan yo mande oubyen ki nesèsè...

...pou rete enfòmè sou evènman ak aktivite lekòl la atravè pòtal paran/elèv, bilten, lèt elektwonik, apèl "Connect Ed", eksetera...

...pou fè konvèsasyon avèk pitit mwen sou lekòl, aktivite sosyal, ak lòt enterè atravè demand espesifik ki ap revele vrè leson yo aprann...

...pou siveye pwogram televizyon, jwèt videyo, mizik pitit mwen ap chwazi, ak aksè sou sit Entènèt...

...pou patisipe nan aktivite lokal ak nasyonal, espesyalman konsènan zafè ki gen rapò ak edikasyon piblik...

Mwen pwomèt..konpòtman...

...pou asire pitit mwen aplike kòd abiman lekòl la e li prepare pou aprann...

...pou chèche, aksepte, e detanzantan revize kontini Kòd pou Konduit Elèv la avèk pitit mwen...

Mwen pwomèt..konpòtman...

...pou asire pitit mwen okouran règ ki gen rapò ak zak move konduit grav, dwòg, nuizans, zam ak zak vyolans e li santi li gen responsablite pou li imedyatman rapòte move zak, yon elèv oubyen yon adilt fè, bay yon pwofesè oubyen yon Polis Lekòl...

...pou raple pitit mwen enpòtans sekirite sou Entènèt e revize règ Itilizasyon Entènèt Distri a ak Medya a ki gen rapò ak itilizasyon materyèl odyo/vizyèl ki pa otorize oubyen ki gen rapò ak lekòl la, anplwaye oubyen elèv li yo...

...pou anseye pitit mwen pou l fè atansyon pou l pa domaje okenn pwopriyete lekòl ki gen ladan ekipman, zouti, liv, mèb ak lòt pwopriyete...

... Kòd pou Konduit Elèv la ak tout lòt règ sou disiplin aplikab lè elèv la nan bis lekòl la e/oubyen ap patisipe nan aktivite ki gen rapò ak aktivite ki andeyò kanpous yo...

Mwen pwomèt...prezans...

...silvouplè ale nan kouvèti deyò a pou li règ yo mande sou prezans elèv yo...

*Ranpli fòm nan e detache l kote li dekoupe anba a.
Silvouplè retounen li nan lekòl la.*

Nou ateste e nou konprann...

...gen anpil prèv ki montre lè yon paran/gadyen patisipe aktivman nan edikasyon pitit li e li ba li bonjan sipò pou l pran bon desizyon, timoun nan ap gen siksè, l ap pèfòme pi byen nan egzamen, e li ap definitivman ale nan edikasyon siperyè e/oubyen karyè ki gen siksè...

...bay pitit ou meyè edikasyon, mande yon efò tèt ansanm ant oumenm, pitit ou e Lekòl la. Si w vle pran angajman pou avni pitit ou, silvouplè siyen anba a...

Mwen menm, paran oubyen Gadyen

_____(non elèv la) ki aktyèlman nan _____ ane eskolè, dakò pou m travay ak lekòl mwen pou asire pitit mwen jwenn siksè akademik, pèsònèl, ak sivik an patenarya avèk anplwaye lekòl la e pou m obsève machasuiv "ipromise" (mwen pwomèt) yo.

Non Paran/Gadyen (Enprime)

Siyati

Direktè Lekòl la (Enprime)

Siyati

NON LEKÒL LA

Dat